



Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN PRÈSKE 60 MILYON DOLA YO AKÒDE POU
KREYE NOUVO LOJMAN NAN 500 INITE LOJMAN AKSESWA**

*Pwogram Eta ADU Plus One bay finansman atravè Eta a pou nouvo estrikti,
konvèsyon garaj, ak legalizasyon apatman nan sousòl yo*

*Prim finansman inisyèl pral ede pwopriyetè kay yo nan Long Island, nan Konte
Westchester, Konte Ulster, ak Vil Amherst*

Gouvènè Hochul jodi anonse yo te akòde 59 milyon dola bay gouvènman lokal yo ak òganizasyon san bilikratif yo nan de premye faz pwogram 85 milyon dola ADU Plus One Eta a, ki ogmante rezèv lojman lè li bay resous pou pwopriyetè kay ki gen revni ki ba ak mwayen pou bati oswa amelyore yon inite lojman akseswa (accessory dwelling units, ADUs) sou pwopriyete pa yo. Finansman yo akòde jiska prezan pral mennen nan kreyasyon apeprè 500 ADU atravè Eta a, epi pwopriyetè kay ki nan Long Island, Konte Westchester, Konte Ulster ak vil Amherst pral kòmanse konstriksyon sou de premye douzèn ADU yo nan kad Premye Faz pwogram nan.

"Mank opòtinite lojman abòdab afekte tout kominote yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram ADU Plus One kreye plis opsyon lojman abòdab pou Nouyòkè yo pandan y ap ede pwopriyetè pwopriyete yo. Lè nou mete ansanm gouvènman, minisipalite yo, òganizasyon san bi likratif yo ak pwopriyetè kay yo, n ap konstwi yon avni ki pi solid epi ki pi abòdab pou tout Nouyòkè yo."

Pwogram ADU Plus One lan, ki administre pa Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York, bay jiska 2 milyon dola sibvansyon bay minisipalite ak òganizasyon san bi likratif ki angaje yo pou konstwi oswa amelyore bon jan kalite inite lojman akseswa ki an sekirite. Yo debouse lajan bay pwopriyetè kay ki gen yon sèl paran ki ap viv kounye a nan inite prensipal la epi ki pa touche plis pase 100 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan. Pwopriyetè kay ki andeyò Vil New York yo ka resevwa jiska 125,000 dola pou chak apatman sou fòm yon sibvansyon, alòske pwopriyetè kay ki nan Vil New York yo ka resevwa jiska 175,000 dola. Minisipalite yo ak patnè san bi likratif yo travay dirèkteman ak pwopriyetè kay yo pou konstwi ADU yo, tankou konvèti garaj oswa lòt estrikti oksilyè yo, konstwi nouvo inite detache, epi antreprann travay ki gen rapò ak legalizasyon apatman nan sousòl yo.

Nan premye faz finansman an, HCR bay 22 milyon dola bay administratè pwogram yo k ap travay an patenarya ak 17 minisipalite pou bay sibvansyon bay pwopriyetè kay endividyèl yo pou 200 ADU. Dezyèm faz finansman ki koute 36.5 milyon dola a pote kantite minisipalite k ap patisipe nan pwogram nan pou vin 50 epi li pral mennen nan kreyasyon plis pase 300 ADU adisyonèl.

Dis minisipalite ki te resevwa lajan nan premye faz yo te resevwa prim tou nan dezyèm faz finansman akòz gwo enterè pwopriyetè kay yo nan kominote sa yo. Ou ka jwenn yon lis konplè lokal patisipan pou tou de faz yo sou [sit entènèt](#) HCR la.

Pwogram ADU Plus One lan konplete Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a, ki gen ladann yon pake lojman transfòmatif Gouvènè Hochul garanti pou ogmante rezèv lojman eta a. Pake a gen ladann: yon nouvo ankourajman taks 485-x pou kreye nouvo lojman nan Vil New York, ki gen ladan lojman pou lokasyon abòdab ak opòtinite pou aksè ak pwopriyetè kay; yon ekstansyon dat limit fini pou pwojè nan pwogram ankourajman 421-a ki ekspire kounye a jiska 2031; otorite pral pèmèt lokalite yo adopte ankourajman pou lojman ki gen revni miks ak 100 pousan lojman abòdab andeyò Vil New York, epi sipòte devlopman inite lojman akseswa nan tout eta a; Yon nouvo ankourajman pou ankouraje abòdabilite nan konvèsyon komèsyal ak rezidansyèl nan Vil New York; otorite pral leve restriksyon ki demode sou dansite rezidansyèl nan Vil New York pou bay plis lojman; Yon pwogram pilòt pou pèmèt Vil la legalize apatman sousòl ak kav ki egziste nan sèten zòn nan Vil New York; and Kreye yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi jiska 15,000 inite lojman sou tè eta a. Anplis de sa, pwogram nan konplete Plan Lojman 25 milya dola Gouvènè Hochul pou senkan pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo.

Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare, "Pwogram 85 milyon dola ADU Plus One sa a se yon modèl pou kominote yo atravè Eta New York pandan y ap travay pou adrese kriz lojman an epi ogmante rezèv lojman. Avèk prèske 60 milyon dola yo akòde jiskaprezan pou kreye ADU soti nan Lwès New York rive nan Long Island, Gouvènè Hochul ap bay opòtinite pou jèn, granmoun aje, ak fanmi yo viv nan bon jan kalite lojman nan kominote yo rele lakay yo, pandan nan menm moman y ap bay ekipe pwopriyetè kay yo pou yo jwenn yon sous revni lokasyon ki fyab. Nou kontan dèske 50 minisipalite deja wè valè pwogram inovan sa a nan kominote pa yo. ADU Plus One pwomèt pou li se yon lojman gayan gayan pou tout moun."

Kai Lord-Farmer, Planifikatè Prensipal Konte Ulster, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou sipòte ADU yo kòm yon solisyon asandan fas ak kriz lojman isit la nan Konte Ulster. Avèk Inisyativ Kominote Entelijan Lojman Konte a, nouvo kòd ki baze sou fòm Vil Kingston lan, ak lòt politik lojman ki favorab pou ADU nan Konte a ki sou pye, Pwogram Plus One ADU a bay yon gwo ogmantasyon ak prèv konsèp pou ADU yo kòm yon solisyon lojman lokal. Nou apresye Gouvènè a paske li fè inisyativ sa a avanse pou pi devan epi nou kontan pou nou vin yon defansè pou ADU yo nan nivo lokal. ADU yo se yon gwo solisyon lojman gayan-gayan, li elaji rezèv lojman abòdab ak mendèv nou

an pandan y ap bay fanmi ki gen revni modere yo yon sous revni adisyonèl oswa yon opòtinite pou yo loje yon manm fanmi."

Sipèvizè Vil Amherst la, Brian Kulpa, te deklare, "Nou ta dwe felisite Gouvènè Kathy Hochul paske li rekonèt nesesitye pou pwogram kreyatif pou ankouraje opsyon lojman inovan pou kominote yo tankou Amherst. Sibvansyon Inite Lojman Akseswa Plus One lan se yon gwo avantaj pou Vil la. Non sèlman li bay resous esansyèl ak sipò pou reyabilitasyon oswa etabli nouvo ADU, men tou li re-ouvri diskisyon lokal yo sou estil lojman. Konvèsasyon sa yo enpòtan anpil pou abòde kriz lojman an yon fason efikas epi asire ke Amherst elaji opsyon lojman epi li vin pi enklizif ak aksesib pou rezidan ki andikape yo ak moun ki aje sou plas yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Devlopman Kominotè Long Island, Gwen O'Shea, te deklare, "Inite lojman akseswa yo bay plizyè avantaj nan rejyon tankou Long Island ki gen nivo depans elve ak yon mank lojman pou lokasyon: yo bay estabilite finansye ak fleksibilite pou pwopriyetè kay pandan y ap kreye inite lokasyon abòdab, yon sityasyon gayan gayan nan chak pwojè. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li investi resous pou kreye ADU ki pi konfòm, ki an sekirite ak abòdab. Jan plizyè santèn aplikasyon nou te deja resevwa montre sa, pwopriyetè kay yo vle wè plis ADU yo bati nan kominote pa yo, epi nou apresye patenarya minisipal nou yo nan kreye opòtinite lojman sa yo."

HCR pral pibliye yon twazyèm faz finansman pou pwogram lan nan fen ane sa a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)